Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 44 (6505) 16 сентябрь 2016 с. Итни ЗулхIижжа 1437 с. Багьа 5 гъур.

РОРХАТАЛ МАГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

## НурмухIамад ГIалиев: «Камилаб электроэнергиялдалъун ва тIабигIияб газалдалъун бакълъулал хьезари – аслиял суалал»

### Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидат НурмухIамад ГIалиевасулгун гара-чIвари

**Чанго къоялдасан Россиялда рищиял тIоритIулеб къо тIаде щола. Лъалеб букIахъе, исана 18 сентябралда рищиял тIоритIулел руго Россиялъул Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде. «Гумбет» басмаялъул цересел номеразда нижеца бицун букIана депутатлъиялде кандидатура лъурал цо-цо политиказул гIумрудул нухлул ва рищиязда цебесеб программаялъул.**



Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде Гумбет районалдасан кандидатура лъун буго машгьурав политик, энергетик, пачалихъияв хIаракатчи ва меценат НурмухIамад ГIалиевас. «Гумбет» басмаялъе кьураб интервьюялда НурмухIамад ГIалиевас бицана жиндирго программаялъул, цере лъурал масъалабазул ва район цебетIеялъе гьаризесел ишазул.

**- МагIарулал руго кваралал шартIазда гIумру гьабун ругьунал гIадамал, захIмалъабазукьа хIинкъулареб, къвакIараб, чаранлъун лъадарараб халкъ. Гьедин букIаниги, XXI гIасруялъул тIалабал ва квегIенлъаби МагIарухъги рукIине ккела. Жакъа бакълъулазул ракьалда кинал суалал дуца бищунго кIвар бугеллъун, тIуразаризе ккоелллъун рикIкIунел? Гумбет районалдасан Халкъияб Собраниялде мун вищун хадуб, кинал масъалаби гIумруялде рахъинариялда тIад мун хIалтIизе вугев?**

- Гумбет районалъул жамагIаталъ Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялда жиндир вакиллъун, депутатлъун дун вищани, нигат буго районалъул социалиябгун экономикияб даража жеги цебетIезабиялъе гъеж гурун хIалтIизе. Дагъистаналъул ва районалъул нухмалъулез хIаракат бахъун, гIезегIан санагIатал шартIал чIезарун руго районалда: хъил тIураб, саламатаб шагьранух буго, райцентралде щвезегIан, Дагъистаналъул шагьараздацин гьечIеб гIадаб кIудияб ва гIемерал идараби жанир ругеб Маданиябгун сахгьариялъул комплекс рагьана ва цогидалги хIалтIаби гьаруна. Гьединаб цебетIей районалъе щвана, 2001-2011 соназда Гумбеталъе нухмалъи гьабурав, гьабсагIат Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикерлъун вугев СайгидахIмад АхIмадовасул, гьесда хадуб районалъе бетIерлъи гьавурав, гьанже Дагъистаналъул ХIукуматалъул ЦIияблак районалъул гIадамал гочинариялъул управлениялъул нухмалъулевлъун кколев МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул ва цогидазулги кIвахI гьечIеб хIалтIул хIасилалда.

ГьабсагIаталда Гумбет районалъул гIадамазе кIвар цIикIкIарал суалаллъун дица рикIкIуна энергетикаялъул даража борхизабиялъул, букIине кколеб куцалда токалдалъун росаби хьезариялъул ва тIабигIияб газ бачиналъул масъалаби.

Дагъистаналъул гьанжесеб энергетика гIуцIиялъе гIемерал соназ нухмалъи гьабизе рес щвана дие. Советияб заманалда ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалда мастерлъи гьабиялдасан байбихьана дир хIалтIулаб нух. Россиялъе захIматал XX гIасруялъул 90-абилел соназда дида тIаде ккана аза-азар чи вугеб Дагъистаналъул ГЭСал ралеб идараялъе нухмалъи гьабиялъул борч. ГIуцIана «Сулахъэнерго» абураб рагьараб акциячагIазул гIуцIи. Россиялъул тIалъиялъул квербакъиялдалъун ва рагIи билълъарал дагъистаниязул кумекалдалъун кIвана гьеб идара цебетIезабиялъе шартIал чIезаризе.

ГьабсагIат пенсиялде арав чи вугониги, Россиялъул энергетиказда гьоркьор бухьенал руго дир, рес буго Гумбет районалъул ва Дагъистаналъул энергетика жеги цебетIезабиялъе хIалтIаби гьаризе.

**- Масала, жеги мухIкан гьабун абуни, бакълъулазул росабалъ токалъул къуват цIикIкIиналъе кинал ишал, тадбирал гьаризе ракIалда бугеб?**

-Гумбет районалде токалъул мухъал рачун руго Хунзахъан ва ХIарисан. Гьел мухъаз бачIараб токалъ, нилъер районалде щвезе ккани, халатаб нух нахъа тезе ккола ва гьелъул гуч загIиплъула. Хасго ХIариб магIарда гIемер ккола чIахIиял хIубал региялъул, кварал тIеялъул ва гьелъул хIасилалда токалдалъун хьезари гьоркьоб къотIиялъул хIужаби. Гьединал гIузраби рукIунгутIизе, дида ракIалда буго Рихьуниб ГЭСалдасан Гумбет районалде, ГIанди гIорул мухъккун, цIияб электрикияб мухъ бачине. Гьелъ рес кьела бакълъулазул рукъзабахъ токалъул букIине кколеб напряжение, тIадецуй чIезабизе, трансформаторал ва кварал рухIи дагьлъила, холодильникал ва цоги алатал хвечIого хутIила.

Гьединго Россиялъул ва Дагъистаналъул энергетиказда цебе суал лъун буго лъабго соналъул болжалалда Гумбет районалда жинир ругел электроэнергиялъул мухъал цIигьаризе, хисизе ккеялъул. ГIемерал росабалъе ток бачарал хIубал турун руго, 40-50 соналъ цере цIарал кваразги чIарал хIубазги къо хIехьезе рес гьечIо.

Токалъул масъалабазда гIей гьабун чIечIого, бажарараб куцалда, тIабигIияб газ районалъул росабалъе бачиналда тIадги избирателазул цоги суалал тIуразариялъеги хIалтIаби гьаризе руго.

**Информациялъул «Гумбет» отдел**

НОМЕРАЛДА РУГО:



«Цогояб Россия» - унго-унгоял ишазул партия

-2 гьум.



«РацIцIадал рищиязе гIоло» абураб ахIиялда гьоркь агитациялъулаб десант

-2 гьум.

ГIабдулмажид Маграмовасул рищиязда цебесеб рагIи

-2 гьум.



№ 45 пожарнияб часталда хIалтIулаб халгьаби

-3 гьум.

КЪУВАТАБ РОССИЯ – ЦОЛЪАРАБ РОССИЯ

# «Цогояб Россия» -унго-унгоял ишазул партия

**Гумбет районалъул росабазул вакилзабазул 2016 соналъул 14 сентябралда тIобитIараб собраниялъул гъаб соналъул 18 сентябралда рукIинесел Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиялда бан, Дагъистаналъул избирателазде**

**ХИТIАБ**

Хириял дагъистаниял!

Гьале исанаги 18 сентябралда нилъеца, пачалихъиял законазда рекъон, тIоритIизе руго Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатазул иргадулал рищиял.

Нилъеда лъала нилъер ВатIаналъул, Россиялъул, цевехъан - Президент Владимир Владимирович Путиница, БакътIерхьул къватIисел пачалихъазул тIадецуялдалъун ва жанисел нилъер ВатIаналъул гьанжеселъул ва букIинеселъул ургъел гьечIезул къваталдалъун накалде ккезабун букIараб экономика ва социалияб рахъ, жакъа нилъеда бихьулеб, бокьарал къватIисел ва жанисел Россия рихаразда данде чIезе кIолеб куцалда церетIезаруна, Россия гучаб пачалихъалъун лъугьинабуна.

Борхана экономика, цебетIуна халкъалъул социалияб рахъ, цIикIкIунел руго харжал, пенсияби, ралел руго цIия-цIиял предприятиял, гьанжесеб тIалабалда данде кколедухъ цебетIей руго росдал магIишатазда. Росдал магIишаталъул продуктал халкъалъе чIезариялъул рахъалъ къватIисел пачалихъазда раралльун рукIарал нилъ рачIана аслиял продуктал къватIисел пачалихъазе ричизе тIокIлъулеб бакIалде. Рагъулал къуватал рахана бокьарав агрессорасе, питначизе жаваб къезе кIолеб даражаялде.

Бихьулеб цебетIей лъугьана ахирал соназда Дагъистан Республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул нухмалъиялда гъоркь нилъер республикаялда. Дагъистан битIахъего хисана экономикияб ва социалияб рахъалъ.

Дагъистаналда Рамазан ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун байбихьана республика цебетIей мурадалда приоритетнияб проектирование хIалтIизабизе. Гьелъул ккана лъикIал хIасилалги. ЦохIо сверухъ бугеб рацIцIа-ракъалъи гIела, гьесул хIалтIуе къимат кьезе, промышленносталда, гIи-боцIухъанлъиялда, ахихъанлъиялда, цIолбохъанлъиялда, теплицабазда гIезарулел овощазул рахъалъ ругел бергьенлъабазул бицинчIогони.

Ахирал соназда кIочене байбихьана теракта, тIаде кIанцIун буголъи бахъи, «флешкаби ритIи» ва цогидалги гIадамасе гIумру тIамиялъе республикаялда рукIарал захIмалъаби.

ГIемераб хIалтIи гьабуна Президент Владимир Путиница ва Дагъистан Республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповас Россиялъул ва республикаялда дин цебетIезаби ва диниял ишазулъ цолъи ва рацIцIалъи рукIинариялъул мурадалда.

Къурбан-байрам баркун гьабураб кIалъаялда Дагъисталъул муфти, шайих АхIмад-хIажи-апандица гьабураб ва гьединго МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталъул имам Идирис-хIажи Асадулаевас, ГIидалъул как баледе, гьабураб вагIзаялда абулеб буго:

- Нилъер улкаялда гIуцIун руго киналниги къваригIунел шартIал Аллагьасул лагъзадерица жидерго диниял тIалабал тIоритIизе. Гьеб гьедин букIиналъе шартIал гIуцIана Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница. Исламияб дин бусурбабазул пачалихъазул мурадал цIуниялъул рахъалъги цевехъанлъун вуго Владимир Путин. Дунялалда тIадго рекъел букIинабизелъун цебе бачунеб буго гьес политика.

Гьез гIадчIун абуна Путиница абунин Россиялда ислам кидаго цебе тIураблъун букIанин ва гьеб хIужа букIанин нилъер пачалихъ цIуниялъулъ хIукуматалъул къучIазул цояблъунилан.

Гьединго гьез абуна : - Нилъер республика лъикIго цебетIолеб бугин экономикияб, социалияб ва рухIияб рахъалъ. Гьелъулъ аслияб гьунар бугин Республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул.

Гумбет районалъул жамагIат кидаго гъункараб ва цолъараб букIана. Гьеб цолъиялъулъ буго районалъул къадру республикаялъул нухмалъулезда ва цогидал районазул жамагIатазда цебе.

Гумбет районалъул гIадамаз цере-цере тIоритIарал рищиязда бихьизабуна лъикIаб бищизе бажари ва жамгIият бикь-бикьизабулеб политикаялда хадур унгутIи; Россиялъул, республикаялъул ва районалъул нухмалъулезда сверухъ гъункун, цере лъурал масалаби тIуразе бажари.

Гумбет районалъул росабазул вакилзабазул собраниялъул гIахьалчагIаз тIолабго Дагъистаналъул избирателал ахIула 18 сентябралда рищиязда жигараб гIахьаллъи гьабизе ва гьединго нилъер Россиялъул цевехъан Владимир Путиница гIуцIараб «Единая Россия» партиялъе ва гьелъул вакилзабилъун кколел кандидатазе гьаркьал кьезе!

**Гумбет районалъул росабазул вакилзабазул собраниялъул гIахьалчагIи,**
**2016 соналъул 14 сентябрь, МелъелтIа росу**

НИЛЪЕР ПАРТИЯ – ДАГЪИСТАН

# «РацIцIадал рищиязе гIоло» абураб ахIиялда гъоркь агитациялъулаб десант

**ИчIабилеб сентябралда Россиялъул халкъазул тIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда «РацIцIадал рищиязе гIоло» абураб ахIиялда гъоркь районазде сапаралъ бахъараб агитациялъулаб десант дандчIвана районалъул активгун ва гIадамалгун.**




Гумбеталде рачIун рукIана ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** ДРялъул бетIерасул администрациялъул ва хIукуматалъул жанисеб политикаялъул рахъалъ управлениялъул начальникасул заместитель **Пахрудин ГIумаров,** «Переселенцы» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев **Бадрудин Ибрагьимов,** предпринимательлъиялъул ва инвестициязул рахъалъ агентствоялъул нухмалъулесул заместитель **ХIамид МухIамадов** ва цогидалги.

Данделъи рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.** Гьес абуна: «Гьаб соналъул 18 сентябралда тIоритIизе ругел рищиял кIудияб кIваралъул руго. Районалъул гIадамаз бихьизабизе ккола щулияб гъунки, цолъи. Гьаркьал кьезе ккола мустахIикъазе. Район, Дагъистан, Россия цебетIеялъе гьедин гьабуни кIудияб пайда букIине буго. Республикаялъул бетIер **Рамазан ГIабдулатIиповас** тIалаб гьабулеб хIалалъ рацIцIадал, ритIухъал рищиял тIоритIи ккола бакълъулазулги жавабияб масъала. Гьаракь кьезе ихтияр бугев щивав чияс рищиязда гIахьаллъи гьаби, мустахIикъав кандидат тIаса вищи – гьеле нилъер борч.

Рищиязда жигараб гIахьаллъи гьаби ккола районалъул къисматалъул ургъел гьаби, гьеб цебетIезабиялъул масъала гIумруялде бахъинаби».

Жиндирго кIалъаялда МухIамадгIали МухIамадгIалиевасги тIадчIей гьабуна бакълъулаз цоцалъ гъункун, гIакъилго, районалъул, республикаялъул, улкаялъул курсалъул рахъккун хIалтIи гIуцIулеб букIиналда. Божилъи загьир гьабуна ДРялъул Халкъияб Собраниялде ва Пачалихъияб Думаялде рищиязда бакълъулаз жигараб гIахьаллъи гьабизе букIиналда.

Рищиязда гIахьаллъиялъул кIваралъул бицана Бадрудин Ибрагьимовас, ХIамид МухIамадовас, Гумбет районалъул херазул Советалъул председатель **ГIали ГIумархIажиевас,** рищиязул территориалияб комиссиялъул председатель **ГIабдулмажид Амагаевас** ва цогидазги.

* * *

# ГIабдулмажид Маграмовасул рищиязда цебесеб рагIи

**Гьебго къоялъ бакълъулал дандчIвана РФялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат ГIабдулмажид Маграмовгун.**




ДандчIваялда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIерасул вакил **ГIалибег ГIалиев,** ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ ДРялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** республикаялъул лъималазул гIемер профилалъулаб больницаялъул бетIерав тохтир, депутатлъиялде кандидат ГIабдулмажид Маграмовасул божилъи гьабурав чи **Сиражудин МахIачев** ва цогидалги.

Данделъиялда бицана Маграмовасул хIаракатчилъиялъул, Россиялъул батIи-батIиял росабалъгун шагьаразда гьарурал теплицабазул, гьесул нухмалъиялда фирмабаз къватIибе биччалеб медицинаялъул учреждениязе, гIадамазе хIажатаб гIиси-бикьинаб къайиялъул бугеб кIваралъул, гьес лъималазул рукъзазе, больницабазе ва цогидазе гьабулеб кумекалъул.

Депутатлъиялде кандидатасул рахъккун кIалъана гьеда цадахъ Гумбеталде рачIарал ГIалибег ГIалиев, Сиражудин МахIачев, гьединго Дагъисталъул бетIерасул божилъи гьабурав чи, районалъул херазул Советалъул нухмалъулев **ГIали ГIумархIажиев,** жамгIияб палатаялъул нухмалъулев **АхIмаднаби ГIалимирзаев,** Дагъистаналъул бетIерасул политикаялъул рахъккевялъул гIуцIиялъул Гумбеталда бугеб идараялъул нухмалъулев **Сайпудин АхIмадов,** районалъул Собраниялъул депутат **ЮнусхIажи ХIамзатов** ва цогидалги.

КIалъазе вахъана ва жинде гьабураб божилъиялъухъ баркала загьир гьабуна Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат ГIабдулмажид Маграмовас. Аслияб кIвар гьесул кIалъаялда буссараб букIана росаби церетIезариялде. Борхана гIемерсоназ халат бахъун хутIун бугеб Гумбеталъул росабалъе газ бачиналъе кумек гьабиялъул хIакъалъулъ суал. Избирателазул суалазе Маграмовас жавабалги къуна.

**Къурмагъиз ХIадисова**

РИЩИЯЛ

# «Цогояб Россия» - халкъалъул ургъалида

**Россиялъул гӀадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул залалда 14 сентябралда тӀобитӀана Гумбет районалъул росабазул вакилзабазул рищиязда цебесеб данделъи.**



500 ялдаса цӀикӀкӀун чияс гӀахьаллъи гьабуна гьениб. Данделъиялде рачӀун рукӀана районалъул Собраниялъул депутатал, учреждениязул, гӀуцӀабазул нухмалъулелгун хӀалтӀухъаби, росабазул поселениязул администрациязул нухмалъулел, росабазул имамзаби, жамагӀатазул вакилзаби, маданиял, сахлъи цӀуниялъул учреждениязул, библиотекабазул хӀалтӀухъаби, мугӀалимзаби.

Данделъиялда гӀахьаллъана гьединго ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель **СайгидахӀмад АхӀмадов,** Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, гьанже анлъабилеб ахӀиялдаги республикаялъул парламенталде «Цогояб Россия» партиялъ вихьизавурав кандидат **НурмухӀамад ГӀалиев,** ЦӀияблак районалдаса тумал цӀияб бакӀалде гочинариялъул ва ГӀавухъ район цӀидасан гӀуцӀиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хӀукуматалъул управлениялъул начальник **МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиев,** ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъиялде кандидат **МухӀидин МухӀидинов,** запасалда вугев генерал **ГӀали МухӀамадов.**

Данделъи рагьана районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **ХӀайбула ГӀабдурахӀмановас.** Баян гьабуна Россиялъул Федерациялъул ПачалихъияБ Думалде ва ДРялъул Халкъияб Собраниялде гьаб соналъул 18 сентябралда тӀоритӀизе ругел рищиязда хурхун церечӀарал масъалабазул бицине данделъун рукӀин. ГӀабдурахӀмановас абуна нилъер район гъункиялъул рахъалъ кидаго цогидал районазе мисаллъун бугин, исанасел рищияздаги гъункиги цолъиги бихьизабун, мустахӀикъазе гьаракь кьезе букӀиналда божилъи гьабулин.

Депутатлъиялде кандидат НурмухӀамад ГӀалиевас церекун гьарурал пайдаял ишазул, гьаркьал кьезе киналго цо чи гӀадин рищиязул участкабазде рачӀине ккеялъул, гьаркьал кьеялъулъ тохлъиги тасамахӀлъиги биччазе бегьунгутӀиялъул бицана ЦӀиликь росдал поселениялъул администрациялъул нухмалъулев **ГӀалихан ДавудхӀажиевас,** районалъул херазул Советалъул нухмалъулев **ГӀали ГӀумархӀажиевас,** Игьали участковияб больницаялъул врач **АхӀмад Тажудиновас,** жамгӀияб палатаялъул член, захӀматалъул ветеран **Жапур ГӀумаровас.** Районцоял питнаялдаса нахъе къан, гьанжеялдаса хадурги рукӀиналде, иман цӀикӀкӀиналде, битӀараб нухдасан росути жамагӀатги тӀоритӀиялде, гӀадамал цолъиялде, рикьалабаздаса цӀуниялде асӀарал кӀалъаял рукӀана имамзаби МельелтӀаса **Исрапил-хӀажи ГӀизраиловасул,** Данухъа **ГӀабдулмажид ЗайнулгӀабидовасул,** ЦӀияб Аргъвани росдал мажгиталъул будун **Юсуп-хӀажи Мусаевасул.**

ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъиялде кандидат НурмухӀамад ГӀалиевас рехсана **Владимир Путин** президентлъун вачӀаралдаса Россиялда, **Рамазан ГӀабдулатӀипов** бетӀерлъун тӀаралдаса Дагъистаналда ккарал чӀахӀиял хисабасиял, церетӀеял. «Цогояб Россия» партиялъул нухмалъиялда гӀумруялде рахъинарулел ругел социалиялгун экономикиял масъалаби, бакӀал раялдаги нухал къачӀаялдаги Гумбеталда росулел ругел бергьенлъаби. Абуна депутатлъиялде кандидатура районалъул гӀадамазе жинда бажараРаб кумек гьабизе, кири щолеб хӀалтӀи гьабизе бокьиялъ лъураб бугилан.

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахӀмад АхӀмадовас районцоязда баркана Къурбан – байрам, Дагъисталъул халкъазул цолъиялъул къо.

«Нилъер къуват буго цолъиялъуль, «Цогояб Россиялъулъ», - ян абуна СайгидахӀмад АхӀмадовас.

Ахиралда данделъиялда гӀахьаллъараз киналго разилъун къабул гьабуна гьаб соналъул 18 сентябралда рукӀинесел Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб Думалде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиялда бан, Дагъистаналъул избирателазде ХитӀаб.

**Къурмагъиз ХӀадисова**

ЦӀУНЕ НИЖ ЦӀАЯЛДАСА...

# № 45 пожарнияб часталда хӀалтӀулаб халгьаби

### Россиялъул МЧСалъул Севериияб Кавказалъул регионалияб централъул нухмалъулел – Гумбеталда

**Гумбет районалъул МельелтӀа бугеб № 45 пожарнияб часталда хӀалтӀулаб халгьаби тӀобитӀизе бачӀун букӀана Россиялъул МЧСалъул Севериияб Кавказалъул регионалияб централъул ва Россиялъул МЧСалъул ДРялда бугеб бетӀераб управлениялъул хӀалтӀухъабазул къокъа.**



Гумбеталде рачӀана Россиялъул МЧСалъул СКРЦялъул нухмалъулесул заместитель (цӀа ккеялде данде къеркьеялъул рахъалъ), жанисеб хъулухъалъул полковник **Юрий Землянский,** Россиялъул МЧСалъул ДРялда бугеб бетӀераб управлениялъул нухмалъулесул заместитель, жанисеб хъулухъалъул полковник **Мартин Мамаев,** Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналъул УНДялъул ва ПРялъул управлениялъул нухмалъулев, жанисеб хъулухъалъул подполковник **Эльдар Хамавов.**

ХӀалтӀулаб къокъаялъулгун дандчӀваялда гӀахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев **ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадиров,** районалъул администрациялъул ишазул управлениялъул гражданскияб обороналъул ва гӀадатияб гуреб ахӀвал-хӀалалъул рахъалъ отделалъул нухмалъулев **ГӀабдурахӀман Дайтмирзаев.**

Халгьабуна пожарнияб часталъул хӀалтӀухъабазул лъаялъул, нагагь цӀаккани ине хӀадурлъиялъул, минаялда жаниб ва къватӀисеб рахъалъул бугеб хӀалалъул ва цогидаби.

Юрий Землянскияс лъикӀаб къимат кьуна № 45 пожарнияб часталъул хӀалтӀуе. Гьес баркала загьир гьабуна районалъул бетӀерасе, цӀа ккеялдаса цӀуниялъул идараялъул рахъккуралъухъ ва гьабураб кумекалъухъ. ЛъикӀаб хъулухъалъухъ гьеб идараялъул хӀалтӀухъабазе баркала загьир гьабуна Мартин Мамаевас ва абуна хӀалбихьи цӀезе ва хӀалтӀул хӀасилал гьаризе цогидал пожарниял часталги Гумбеталда данделъани лъикӀаб букӀинин.

**Гебек Гебеков**

ТЕРРОРИЗМАЛДА ДАНДЕЧӀЕЙ

# Спорт – зулмуялда данде

### Игьалиб спортзалалъе - капиталияб ремонт, шахматал, теннис, бильярдал хӀаялъул къецал

**Терроризмалда данде къеркьолезул къоялъул хӀурматалда Гумбет районалъул Игьали росулъ тӀоритӀана шахматал, теннис, бильярдал хӀаялъул къецал. ГӀахьаллъи гьабуна 150 чияс.**



Шахматал хӀаялъе тӀоцебесеб бакӀ **ГӀумарасхӀаб Загьидовас,** кӀиабилеб бакӀал **МухӀамад МухӀамадовас** ва **МухӀамад АсхӀабгӀумаровас,** лъабабилеб бакӀал **МухӀамад МухӀамадовас** ва **ГӀабдурахӀман ГӀалиасхӀабовас** ккуна.

Теннис хӀаялъе тӀоцебесеб бакӀалъе **ГӀалиасхӀаб ГӀалимирзаев,** кӀиабилеб бакӀалъе **Малачи Малачиев,** лъабабилеб бакӀалъе **Малачи Сурхаев** мустахӀикълъана.

Бильярдал хӀан бергьана Малачи Малачиев (тӀоцебесеб бакӀ), **ГӀабдулхӀамид МухӀамадов** (кӀиабилеб бакӀ), **МухӀамадгӀали Бибулатов** (лъабабилеб бакӀ).

Бергьенлъи щваразе Игьали росдал поселениялъул администрациялъ грамотаби ва гӀарцулал сайгъатал къуна.

- Гьадинал тадбираз гӀадамазда ва лъималазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе, законазул хӀурмат гьабизе гьел куциялъе, терроризмалдаса, экстремизмалдаса рикӀкӀад чӀезе гьел ахӀиялъе квербакъи гьабула, - ян абуна Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **АхӀмад Сулаймановас.**

**«Гумбет» РИО**

ЭКОЛОГИЯЛЪУЛ СУАЛАЛ

# Рохьал цӀа ккеялдаса цӀунизин

**Лъалеб букӀахъе рохь ккола жамгӀияб бечелъиялъун. Нилъер районалда рохьаз ккун буго районалъул тӀолабго ракьалъул 3,5 процент. Гьеб цӀакъ дагьаб къадар ккола.**

Гьелъ кӀудияб зарал кьола гӀалхул хӀайваназе, гьадинго дагьал гъутӀбузе, цӀа свинабизеги кутакалда захӀмат букӀуна мугӀрузул шартӀазда.

Гьари буго районцоязде магъилъ, гӀалхуда ва рохьоб



Гьава-бакъалда хадуб халкколезул баянazда рекъон исанасеб сентябрь моцӀ букӀине бегьула бакъвараб ва хинаблъун.

Гьединаб мехалъ хӀинкъи букӀуна рохьахъ цӀа ккеялъ цӀаял ракугеян. Гьединго кӀвар гьечӀез цӀаял ракулел рихьани, гьел ракунгутӀиялъе ва свинариялъе хӀалтӀи гьабеян.

**Рохьил магӀишаталъул идара**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Оперативно-профилактическая операция «Оружие - выкуп»

**С 20 августа по 31 декабря 2016г. на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.**

Внесены изменения п.1 постановления Правительства РД от 24 апреля 2014 г. № 184 (от 1 августа 2016 г. №227) «О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ». Согласно данным изменениям увеличена выплата денежных вознаграждений.

Действия сотрудников полиции при регистрации заявления и приему оружия от населения, осуществляются в следующем порядке:

прием и первичное оформление добровольно сданных предметов вооружения осуществляется оперативным дежурным в территориальном органе по месту их сдачи.

При приеме оружия у населения необходимо выдавать гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, следующие документы:

копию заявления о добровольной сдаче оружия;

квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012 г. № 1107;

копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство Юстиции Республики Дагестан (далее - Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме, с приложением копий следующих документов:

копии паспорта;

копии страхового свидетельства государственного пенсионного страхования (при наличии);

копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физического лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);

копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;

квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;

постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в Минюст РД лично гражданином, по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина, тупик № 6, либо направлены по почте.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (таблица ниже) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению.

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет или револьвер | 30000 |
| 2. | Автомат | 40000 |
| 3. | Пулемет | 50000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 30000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 30000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 30000 |
| 7. | Винтовка СВД | 40000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 30000 |
| 9. | Охотничий карабин | 6000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1000 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1000 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 2000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 500 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, аммонит, гексоген и др. ВВ) за 1гр. | 5 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 2000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель | 200 |
| | в шт., огнепроводные и электропроводные шнуры в м.) за единицу | |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 2000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 2000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 1500 |
| 21. | Ручная граната | 1500 |
| 22. | Мина | 1000 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 10 |
| 24. | Винтовки типа Мосина | 10000 |

***Расул Лабазанов,***
**и. о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

# МухIамадмансуров МухIамадмансур ХIажиевич



**Халатбахъараб, захIматаб унтудаса хадув, Аллагьасул къадар щун нилъедаса ватIалъана унго-унгояв инсан, ракIбацIцIадав мугIалим МухIамадмансуров МухIамадмансур ХIажиевич.**

МухIамадмансур гьавуна 1958 соналда Данухъ росулъ. Аргъваниб гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьесул бугеб махщел бихьун, хIалтIизе восана Данухъ гьоркьохъеб школалде мугIалимлъун. Хадув 1978 соналда цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологиялъул факультеталде.

1983 соналдаса, университет лъугIун хадуб, гIумруялъул ахирисел къоязде щвезегIан гьев хIалтIана мугIалимлъун. ХIалтIана школалъул завучлъун, хадув 1984-2001 соназда Данухъ гьоркьохъеб школалъул директорлъун. Гьеб заманалда гьесул нухмалъиялда гъоркь гIемераб хIалтIи гьабуна школа цебетIеялъе, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъе. Жакъаги бицуна, цере рукIарал цIалдохъабаз, МухIамадмансурица жидее гIурус мацIалъул дарсал кьолел рукIараб къагIидаялъул ва жигар бахъулеб букIараб куцалъул гьеб лъазабизе.

1988 соналда тIабигIияб балагьалдалъун гIанси тIун цебесеб школа бихханa ва гьебго соналъ гьесул хIаракаталдалъун росдадаса рикIкIад гьечIеб бакIалда бана цIияб школа. ХIурматалда рехсола гьесул цIар гьесда цадахъ хIалтIарал мугIалимзабаз. Гьев вукIана ракIбацIцIадав инсан, гьунар бугев хIалтIухъан, лъикIав хъизаналъул бетIер. Жиндирго лъай ва бажари гьес бикьулаан гIолохъанал учительзабазе.

2001 соналдаса ахирисеб къоялде щвезегIан хIалтIана ЦIияб Данухъ гьоркьохъеб школалъул завучлъун ва гьелдаго цадахъ бачана ДГПУ-ялъул Хасавюрталда бугеб филиалалъул преподавательлъиялъул хIалтIиги. КIиябго хIалтIи мисал босиледухъ бажарун букIана гьесухъа.

Бокьулаан гьесие адабият ва тарих. Гьес хъвана росдал тарих, гIадамазул къисматал, биценал, хIужаби ва лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ «Данухъ» абураб тIехь. Гьеб хутIизе буго гьесул кIудияб сайгъатлъун гьанжесеб ва хадусеб гIелалъе.

КIудияб рокьи букIана гьесул исламияб дин цебетIезабиялдехунги. Гьес хъвана «Къуръан цIалиялъул дарсал», «Фарз», «ГIараб-авар словарь», «Арабский язык», «МугIалиму –сани», «ХIаж ва гIумра», «Кинан хIадурлъилел хIажалде ине» ва цогидалги диналда хурхарал тIахьал. Гьел хIурматалда къабул гьаруна цIалдолез ва жакъа къоялъги гьездаса пайдаги босула, гьесие баркалаги кьола.

Гьединго печаталда рахъун хIалтIизарулел руго гьесул лъайкьеялъул хIалтIухъабазе кумекалъе гIуцIарал пособиял: «Календарно-тематические планы», «Тетрадь-еженедельник руководителя школы», «План воспитательной работы», «Тетрадь для записей посещенных уроков», «Рабочая тетрадь руководителя школы» ва гьел гурел цогидалги.

Гьел ва цогидалги тIадегIанал хIасилазухъ МухIамадмансур мустахIикълъана пачалихъалъул шапакъатазе. 2001 соналъ гьесие щвана «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» абураб цIар.

2006 соналъ вахъана филологиялъул гIелмабазул кандидатлъун.

Гьесул анищал гIемер рукIана, амма гьел гIумруялде рахьинаризе Аллагьас хъван букIун гьечIо.

КIудияб камилъун лъугьана гьев гьайбатав инсан гIумруялдаса ватIалъи, гьев хIалтIарав щинал коллективазе, росдае ва гIага-божаразе.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, алжанги насиб гьабеги ва ахират лъикIаб кьун воххизеги гьавеги. Амин.

МухIамадмансур нижер ракIазулъ даим хутIизе вуго.

**Данухъ гьоркьохъеб школалъул коллектив**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.